LNMUonline.com

# Maithili (Sub)

1. निम्नलिखित प्रश्नक उत्तर दिअ : 2 x 10 = 20
   (क) 'कविता-संग्रह' कतऽ सँ प्रकाशित भेल अछि?
   (ख) 'आजी माँ' कोन विधा मे लिखल गेल अछि?
   (ग) 'घर घुरैत काल'क रचनाकार के छथि?
   (घ) 'स्वातंत्रयस्वर'क प्रकाशन कतऽ सँ भेल अछि?
   (ङ.) 'आजी माँ'क रचयिता के छथि?
   (च) 'घर घुरैत काल' मे कएक गोट कथा संगृहीत अछि?
   (छ) 'भारत माता' शीर्षक कविताक रचयिता के छथि?
   (ज) 'कविता-संग्रह' सँ कएक गोट कविक रचना पाठ्यक्रम मे अछि?
   (झ) 'सुमन'क कोन कविता अहाँक पाठ्यक्रम मे अछि?
   (ञ) 'संकल्प" शीर्षक कविताक रचयिता के छथि?
2. निम्नलिखित मे सँ कोनो दू गोट प्रश्नक सप्रसंग व्याख्या लिखू : [25]
   (क) नहि घृणा करू बुझि पतित पीक।
   ताम्बूल तेज-तरुअरि-दशन
   सँ चिरा हृदय, रस-लाल अपन
   शोभाक हेतु जे कैल दान,
   तकरके पवित्र हम छी प्रतीक। LNMUonline.com
   (ख) कतोएक दिवस जखन बिति गेल
   हरि पुनु हथगर गोड़गर भेल।।
   से कोन ठाम जनए नहि जाथि।
   कए बेरि अंगनहुँ सँ बहराथि।।
   (ग) लोकक लेल हम एकटा अजगुत नमूना छी। सभ हमरा खेहारैत अछि, खौंझबैत अछि। हम कोठली मे डेरायल-नुकायल फिरैत छी। मुदा जकरा हम अपन कोठली बुझैत रहिऐ से एकटा पिंजड़ा अछि।
   (घ) राम लला गाम पर एकसर रहि गेला, राजपाट के सम्हारैत। पावनि-तिहार, बरखी-पारबन, नोत-हकार, सभ कथूक भार रामेलला पर। घरक जेठ भाइ छलाह तें सर-कुटुम्बक दिशि सँ नोत-पता हिनकहि पुरए पड़इ छलिन्ह।
3. निम्नलिखित मे सँ तीन गोट प्रश्नक उत्तर दिअ : LNMUonline.com 15 x 3 = 45
   (क) 'आजी माँ'क कोनो एक कथाक सारांश लिखू।
   अथवा, 'आजी माँ' कथाक कथानक लिखू।
   (ख) 'घर घुरैत काल'क आधार पर 'कोढ़िया' अथवा 'पघिलैत बर्फ' शीर्षक कथाक सारांश लिखू।
   (ग) 'कविता संग्रह'क आधार पर कवीश्वर चन्दाझाक काव्य-प्रतिभाक मूल्यांकन करू।
   (घ) 'स्वातंत्रयस्वर'क कोनो एक कविताक भाव स्पष्ट करू।
4. निम्नलिखित मे सँ कोनो पाँच अलंकारक सोदाहरण परिभाषा लिखू : 5 x 2 = 10
   (क) श्लेष (ख) अनुप्रास (ग) उपमा (घ) उत्प्रेक्षा (ङ.) यमक (च) विभावना (छ) विशेषोक्ति

LNMUonline.com